

Kisa k ap pase nan lekò leta NYC

[العربية باللغة الوثيقة هذه اعرض](#) / [এই নথি বা ডকুমেন্টটি বাংলায় দেখুন](#) /

[查看本文件的中文版](#) / [Consultez ce document en français](#) / [Gade dokiman sa a an kreyòl ayisyen](#) /

[이 문서를 한국어로 보기](#) / [Consulte este documento en español](#) /

[به دستاویز اردو میں ملاحظہ کریں](#) / [Перевод документа на русский язык](#)

schools.nyc.gov/messagesforfamilies

4 mas 2022

Plan "Rete ansekirite, rete ouvri" nou an gen siksè lè li pèmèt nou kenbe lekò leta Vil Nouyòk ouvri ak rete pami kote ki gen plis sekirite pou jèn yo ye pandan pandemi COVID-19 la. Menm jan lekò nou yo te jwe wòl yo nan diminye pousantaj transmisyon yo, Nouyòkè an jeneral te jwe wòl pa yo. Nou kontan anonse kòm rezilta, nou pral aplike chanjman nan règleman sante ak sekirite COVID-19 nou gen kounye a yo nan lekò nou yo ann akò avèk dènye konsèy yo.

Kontni:

- [Sekirite ak Sante kont COVID-19](#)
 - [Mizajou nan règleman pou mete mask](#)
 - [Distans sosyal](#)
 - [Règleman pou vizite](#)
 - [Vaksinasyon](#)

Sekirite ak Sante kont COVID-19

Mizajou nan règleman pou mete mask

Nou kontan anonse li pral yon opsyon pou mete mask sou figi w lè w sou pwopriyete lekò la pou elèv ki nan klas kindergarten jiska 12yèm ane apati Lendi 7 mas.

Pou kenbe sekirite estaf nou yo ak elèv nou yo, n ap kontinye pratike pwotokòl estrik COVID-19, ki gen ladan ogmante vantilasyon, yon tès depistaj sante chak jou, ak distribisyon kit tès. Se si w vle pou mete mask andedan bilding, deyò bilding, ak nan otobis lekòl yo. Nenpòt moun ki chwazi mete yon mask ka kontinye fè sa, epi pitit ou a ka mande yon mask nan lekòl li si li bezwen youn.

Li toujou obligatwa pou timoun ki nan LYFE, EarlyLearn (Tibebe & Timoun piti), 3-K, Pre-K, ak salklas 4410 mete mask anndan bilding yo. Timoun sa yo, ki gen dezan ak plis, ak tout anplwaye ki nan salklas sa yo, dwe kontinye mete mask andedan bilding yo. Piske timoun ki poko gen senkan poko elijib pou resevwa vaksen an, mask rete pi gwo defans nou kont COVID-19 pou pi piti elèv nou yo.

Anplis, nenpòt manm estaf oswa elèv ki nan klas kindergarten oswa pi wo ki retounen nan 6yèm jou apre yon dyagnostik COVID-19 pozitif oswa apre yo fin gen sentòm COVID-19 san yo pa pran yon tès COVID, toujou oblije mete yon mask ki byen adapte sou figi yo tout tan yo sou pwopriyete lekòl la jiska Jou 10.

Nou rekòmande toutbon pou nenpòt manm estaf oswa elèv ki konnen yo te ankontak avèk COVID-19 nan espas 10 jou avan yo pou mete mask. Mete mask toujou obligatwa nan sal medikal ak biwo enfimyè yo, menm jan an tou nan Sant Sante ki nan lekòl yo. Enfimyè yo pral gen mask pou nenpòt moun k ap antre kote sa yo ki ka bezwen youn.

Distans sosyal

Pa gen okenn obligasyon pou distans sosyal nan espas piblik yo, tankou salklas, kafeterya ak oditoryòm.

Règleman pou vizitè

Li toujou obligatwa pou vizitè montre prèv vaksinasyon ak ranpli fòm tès depistaj sante chak jou a ([healthscreening.schools.nyc](https://healthscreening.schools.nyc.gov)) avan yo antre nan bilding DOE.

Vaksinasyon

Sonje, vaksinasyon se pi bon zouti nou genyen pou konbat COVID-19 ak pou kenbe lekòl nou yo an sekirite pou tout elèv nou yo. Timoun ki gen laj 5 ane pou pi piti elijib pou pran vaksen kont COVID-19. Si pitit ou a elijib men li poko vaksinen kont COVID-19, ou ka pran yon randevou pou l pran vaksen nan vaccinefinder.nyc.gov oswa rele 311 pou jwenn yon lokal ki bay vaksen bò lakay ou. Vaksen an gratis pou tout Nouyòkè, kèlkeswa sityasyon imigrasyon oswa asirans yo. Nou remèsye w pou kolaborasyon ou kontinye bay.